

Pa Prezidan
Thomas S. Monson



Mond lan bezwen Pyonye jodia

Pou anpil moun, vwayaj pyonye 1847 la pa t kòmanse nan Novou, Kirtland, Far West oswa Nouyòk, men nan peyi lwen tankou Angletè, Ekòs, Scandinavie, oswa Almay. Timoun piti yo pa t ka totalman konprann lafwa solid sa a ki te motive paran yo pou yo te kite fanmi, zanmi, konfò, ak sekirite dèyè a.

Yon timoun te gen dwa mande: “Manman, poukisa n ap kite kay nou? Ki kote nou prale?”

”Ann ale, pitit mwen; nou pral nan Siyon, vil Bondye nou an.”

Te gen dlo trèt ak danjere gwo Oseyan Atlantik yo ki te kanpe ant sekirite kay la ak pwomès Siyon an. Kiyès ki ka rakonte laperèz ki te anvayi kè moun yo pandan vwayaj periye sa yo? Pouse pa enspirasyon silansye Lespri a, soutni pa yon lafwa senp men byen anrasinen, Sen pyonye sa yo te mete konfyans nan Bondye epi yo te derape pou vwayaj yo a.

Apèn yo te finalman rive Novou, yo te oblije deplase ankò pou al fè fas ak gwo difikilte sou wout yo. Tonm anba zèb ak wòch kouvri tout wout soti Novou pou al Vil Salt Lak la. Sete pri sa a kèk nan pyonye yo te peye. Kò yo antere anpè, men non yo vivan pou tout tan.

Bèf fatigue te lou pou mache, wou charyo te krake, gason vanyan te redi, tanbou lagè te rezonen, epi bèt sovaj te lanse kri yo. Men, pyonye ki te enspire pa lafwa e ki te oblije deplase nan tan difisil sa yo te kontinye avanse. Souvan yo te konn chante:

*Venez, venez, sans craindre le devoir
Travailler au progrès.*

Si le chemin à vos yeux paraît noir,

Le secours est tou près. . . .

*Tout est bien! Tout est bien!*¹

Pyonye sa yo te sonje pawòl Senyè a: “Pèp mwen an dwe pase tès nan tout bagay, pou yo kapab prepare pou resevwa laglwa m genyen pou yo, laglwa Siyon an menm.”²

Tan pase epi nou bliye e li diminye apresyasyon nou pou moun sa yo ki te mache sou chemen douloure sa a, ki te kite dèyè yon trale tonm san non ki make ak dlo nan je. Men e pwoblèm nou genyen yo jodia? Èske pa gen wout plen wòch pou n vwayaje, mòn byen rèd pou nou monte, abim pou nou travèse, wout pou nou kreye, rivyè pou nou travèse? Oubyen èske gen yon bezwen trè reyèl pou espri pyonye sa a gide nou ale lwen danje ki menase pou anvayi nou yo pou dirije nou al nan yon Siyon plen sekirite?

Nan dè dizèn ane k pase yo depi fen Dezyèm Gè Mondyal la, prensip moralite yo bese san rete. Nivo krim ogmante san rete; moralite tonbe nèt. Se kòm si anpil moun ap monte desann sou yon gwo woulo katastwòf jeyan, ap chèche sansasyon moman an pandan ke y ap sakrifye lajwa letènite yo. Konsa, nou pèdi lapè.

Nou bliye kijan Grèk yo ak Women yo te mayifikman

triyonfe nan yon mond fewòs ak kijan triyonf sa a te fini—kijan neglijan ak feblès te finalman venk yo e fè yo tonbe. Alafen, plis pase anv libète, yo te anv gen sekirite ak yon lavi konfòtab; epi yo te pèdi tout—konfò ak sekirite ak libète.

Pa koute tantasyon Satan yo; men, olyesa, kanpe fèm pou defann laverite. Nou pa ka atenn dezi ensatisfè nanm nou yo pa yon rechèch lajwa san fen nan mitan sansasyon ak vis. Vis pa janm mennen nan lavèti. Rayiman pa janm pote lanmou. Kapon pa janm bay kouraj. Dout pa janm enspire lafwa.

Gen moun ki twouve l difisil pou yo reziste anba remak mokri deplezan moun k ap ridikilize chastete, onètete, ak obeyisans nan kòmandman Bondye yo. Men mond lan te toujou twouve ke sa pa enpòtan pou yo suiv prensip. Lè Nowe te resevwa enstriksyon pou l te bati lach la, pèp anfoli a te gade syèl san nyaj la epi yo te ri li ak pase l nan betiz—jiskaske lapli a te rive.

Èske nou oblije aprann leson chè sa yo ankò, san rete? Tan yo chanje, men laverite pèsiste. Lè nou pa pwofite de eksperyans lepase yo, nou kondane pou n repete yo avèk tout doule, soufrans, ak angwas yo pote. Èske nou pa gen sajès pou n obeyi Li menm ki konnen lafen depi nan kòmansman an—Senyè nou an, ki te prepare plan sali a—olyede sèpan sa a, ki meprize bote l la?

Yon diksyonè defini yon pyonye kòm “yon moun ki ale devan oubyen ki louvri chemen pou lòt moun suiv.”³ Èske nou ka enspire nan nou menm kouraj ak fèmte nan bi ki te karakterize pyonye yon ansyen jenerasyon? Èske, anreyalite, ou menm avèk mwen kapab pyonye?

Mwen konnen nou kapab. O, ala mond lan bezwen pyonye jodia!

NÒT

1. “Venez, venez, sans craindre le devoir,” *Cantiques*, no. 18.
2. Doktrin ak Alyans 136:31.
3. *Oxford English Dictionary*, 2nd ed. (1989), “pioneer.”

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Ekriti yo eksplike ke enstriktè nan fwaye yo dwe “avèti, eksplike, egzòte, ak anseye, epi envite tout moun vin jwenn Kris la” (D&A 20:59). Panse pou w mete aksan sou avètisman ak envitasyon ki nan mesaj Prezidan Monson nan pou moun w ap vizite yo. Ou gen dwa pale yo de fason pou rekonèt ak suiv egzanp ladwati, evite desepsyon, ak aprann apati erè lòt moun. Mande moun w ap anseye yo kijan yo kapab vin pyonye jodia.

JÈN YO

Motive pa lafwa

Pa Maggi Earl

Mwen pap janm bliye mache nan zòn Winter Quarters, nan Nebraska, Etazini an, kote pyonye yo te viv ane anvan yo. M te santi tè a sakre, prèske kòm si m t ap vizite lakou yon tanp.

Je m te plen dlo, ki te bouche vizyon mwen. Mwen te wè yon estati men m pa ka wè figi yo klèman. Lè m te siye dlo nan je mwen, m te wè yon mesye ak yon madanm ki te gen figi yo plen doule. Lè m te gade pi pre, mwen te wè figi yon timoun kouche nan yon tonm bò pye yo.

Sa te ranpli m ak plizyè kalite emosyon: tristès, kòlè, gratitud, ak lajwa. M te anv efase doule Sen sa yo te santi a, men mwen te rekonesan an menm tan tou pou sa yo te sakriye pou levanjil la.

Eksperyans mwen nan Winter Quarters a te ede m reyalize ke Papa nou ki nan Syèl la bay pitit li yo levanjil la e l ba yo libabit pou yo chwazi sa y ap fè avè l. Paran tibebe sa a te ka chwazi pou yo te pran yon chemen pi fasil. Suiv pwofèt la ak viv levanjil la te mande pou pyonye sa yo avanse menm lè sa te vle di antere pitit yo. Men yo te chwazi pou yo te pran levanjil la nan lavi yo ak aksepte pwoblèm yo. Mwen te aprann ke devouman Sen yo nan levanjil la ak detèminasyon yo pou avanse a te motive pa lafwa ak esperans—esperans pou yon demen pi bèl ak lafwa ke Senyè a te konnen yo e l te ka adousi lapenn yo.

Otè a ap viv Caroline du Nord, nan Etazini.

TIMOUN

Se pou ou yon pyonye

Prezidan Monson di ke yon pyonye se yon moun ki louvri chemen pou lòt moun suiv. Kisa ou kapab fè pou defann sa ki byen ak pou w yon pyonye pou lòt moun nan kominote ou ak nan fanmi ou? Ekri repons ou yo epi pataje yo avèk fanmi ou.

© 2013 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon Anglè: 6/12. Apwobasyon tradiksyon: 6/12. Tradiksyon *First Presidency Message, July 2013*. Haitian Creole. 10667 036



Lafwa, Fanmi, Sekou

Anseye ak aprann levanjil la

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fotifye sè ou yo epi fè Sosyete Sekou jwe yon wòl aktif nan lavi pa ou. Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Jezikri sete yon mèt enstriktè. Li te trase egzanp pou nou lè l te “anseye fi yo an foul e endividyèlman, nan lari ak bò lanmè a, bò pi a ak nan fwaye yo. Li te montre amou sansib li pou yo e li te geri yo menm ak manm fanmi yo.”¹

Li te anseye Mat ak Mari epi li te “envite yo pou yo te vin disip li epi pran pa nan sali a, ‘bèl pòsyon sa a’ [Lik 10:42] yo pa gen dwa janm wete nan men yo a.”²

Nan ekriti dènye jou yo, Senyè a kòmande nou pou nou “youn anseye lòt doktrin wayòm nan” (D&C 88:77). Konsènan anseye ak aprann doktrin nan, Cheryl A. Esplin, dezyèm konseyè nan Prezidan Jeneral Primè a te di: “Aprann pou nou totalman konprann doktrin yo nan levanjil la se yon pwosesis tout yon lavi e li vini ‘liy apre liy, enstriksyon apre enstriksyon, ti mòso isit, ti mòso lòtbò’ (2 Nefi 28:30).”³

Si nou aprann, etidye, ak priye, nou pral anseye avèk pouvwa Sentespri a, ki pral pote mesaj nou an “nan kè pitit lèzòm [ak fi yo]” (2 Nefi 33:1).

Apati Ekriti yo

Alma 17:2–3; 31:5; Doktrin ak Alyans 42:12–13; 84:85

Apati Istwa Nou

Pwofèt lepase nou yo te raple nou ke, antanke fi, nou gen yon wòl enpòtan kòm enstriktis nan fwaye a ak nan Legliz la. An Septanm 1979, Prezidan Spencer W. Kimball (1895–1985) te mande nou pou nou vin tounen “sè ki konn ekriti yo.” Li te di: “Se pou nou vin save nan ekriti yo—non pa pou kraze lòt moun, men pou elve yo! Apre-tou, kiyès ki gen pi gwo bezwen pou ‘cheri’ verite levanjil yo (ke yo ka aple nan moman bezwen yo) pase fi yo ak manman yo k ap

fè sitèlman bagay pou nourri ak anseye?”⁴

Nou tout se enstriktè ak aprantisè. Lè nou anseye apati ekriti yo ak pawòl pwofèt vivan nou yo, nou ka ede lòt moun vin jwenn Kris la. Lè nou angaje nan pwosesis aprantisaj la kote nou poze kesyon siyifikan epi apre nou koute, nou kapab jwenn repons ki reponn ak bezwen pèsònèl nou.

NÒT

1. *Filles dans mon royaume: l'histoire et l'oeuvre de la Société de Secoursy* (2011), 3.
2. *Filles dans mon royaume*, 4.
3. Cheryl A. Esplin, “Teaching Our Children to Understand,” *Liahona* ak *Ensign*, May 2012, 12.
4. Spencer W. Kimball, nan *Filles dans mon royaume*, 50.

Kisa M Ka Fè?

1. Kijan m ap prepare pou m vin yon pi bon enstriktè?
2. Èske m pataje temwayaj mwen avèk sè m ap vizite yo?